

Collectif contre l'impunité

Des plaignants-es, contre l'ex dictateur Jean-Claude Duvalier et consorts, et des organisations de défense des droits humains
Centre œcuménique des droits humains (CEDH) - Kay Fanm (*Maison des femmes*)
Mouvement des femmes haïtiennes pour l'éducation et le développement (MOUFHED) - Réseau national de défense des droits humains (RNDDH)

Point focal: Centre œcuménique des droits humains (CEDH) - cedh@cedh-haiti.org

Kominike

Lajistis ka pouswiv Jean-Claude Duvalier pou ekzaksyon rejim li an

Sa fè 11 mwa depi ansyen diktatè Jean-Claude Duvalier (Jan Klod Divalye) retounen ann Ayiti, apre li te ekzile tèt li pandan 25 lane an Frans. Sa fè 11 mwa depi viktim pote plent devan lajistis pou ekzije li ijje ansyen Prezidan avi a pou krim kont limanite ki te komèt sou gouvènman li a ; Y ap mande ijstis pou latriye moun, tout kategori sosyal, rejim nan te fèmen nan prizon, totire, touye, fè disparèt, ekzile. Sa fè 11 mwa depi òganizasyon ann Ayiti ak aletranje ap mande Leta ayisyen pou li konfòme li ak obligasyon li genyen parapòta dwa moun.

Kolektif kont enpinite a chwazi epòk senbolik komemorasyon Deklarasyon inivèsèl dwa moun (10 desanm) pou li redi detèminasyon li genyen pou rapouswiv ak demach k ap chache jwenn ijiman Jean-Claude Duvalier pou krim kont limanite. Kòm Ayisyen ak Ayisyèn, nou se pitit vant limanite. Lè nou kase chenn lesklavaj an 1804, nou dekrete solanèlman tout imanite nou. An 1945, Ayiti te pami 19 peyi ki te siye akò pou tribinal ki te gen pou ijje krim nazi yo; yon lòt fwa ankò nou te demontre jan nou anndan limanite. An 1946, lè Ayiti te manm fondatè Nasyonziini, nou patisipe nan anrasinen règleman sou dwa moun. An 1986, lè nou mete fen ak rejim bout di Duvalier a, nou redi volonte n pou konstwi yon Leta dwa demokratik, kidonk yon Leta ki gen sousi pou respekte diyite moun. Ki fè. Ayiti gen tout lejitimite pou poze pwoblèm krim kont limanite.

Kolektif la esplike sans demach li a: se yon swaf pou lajistis, kidonk pou laverite; Se yon fason pou patisipe nan ride nanchon an fè fas ak listwa li, pase li rete ap sibi li oswa bouche je sou li. Ekzije pou lajistis bay dizon li sou krim ki make ak anpil doulè lavi pèp nou, ankouraje konpatriyòt nou yo reflechi sou fonsyonman diktati, sa pa gen anyen arevwa ak tire vanjans.

Depi Kolektif la tanmen batay espesyal sa a kont enpinite, kont mannigans pou todyè listwa, gen lòt vwa, isit ak lòtbo dlo, ki vini mele ak vwa Kolektif la. Se konsa, ak konkou divès jiris entènasyonal¹ gen yon dokiman jiridik ki prepare. Dokiman sa a, ki rele *Amicus* (Amikis), se yon analiz sou lalwa ki vize ede otorite lajistis yo. Dokiman an an montre kouman dosye Jean-Claude Duvalier a ka trete. Li montre tou kouman koze ki ta vle fè kwè li ilegal pou chache ijje ansyen diktatè a pa kenbe, kit se parapòta lalwa ann Ayiti, kit se parapòta lalwa entènasyonal. Dokiman an demontre :

1. dwa entènasyonal valab epi aplike pou Ayiti ;
2. pa gen efase pou krim kont limanite, pa gen dele pou ijje yo;
3. plen moun ki deklare yo sibi krim kont limanite anba rejim Jean-Claude Duvalier a ;
4. nan règleman lalwa ann Ayiti, gen krim ki ka konsidere tankou krim kont limanite ;
5. Jean-Claude Duvalier reskonsab ekzasyon Leta ayisyen yo ;
6. Lajistis ka pouswiv Jean-Claude Duvalier.

Konjonkti nasyonal la kontnye enkyetan parapòta dosye a. Espesyalman, konjonti a fè poze kesyon sou volonte politik Leta genyen pou fè tout sa ki nesèsè pou pèmèt Lajistis fè travay li kòm sadwa. Ekzije pour Jean-Claude Duvalier rann kont pou zak ki te komèt pandan 15 lane rèy li an, se yon devwa moral.

Pòtoprens, 14 desanm 2011

**Pou Kolektif la
Danièle Magloire**

¹ Patricia Sellers (Patrisya Selèz), ansyen chef adjwen nan seksyon jiridik biwo Prokirè pou Tribinal penal pou ansyen peyi Yougoslavi epi konseyèz jiridik nan seksyon dwa fanm nan Wo Komisarya Nasyonziini sou Dwa Moun ; Initiativ pou lajistis (Open Society Justice Initiative) epi Avoka san frontye Kanada (Avocats sans frontière Canada – ASFC).